Kafedranıń ruwxıy-aǵartıwshılıq jumısları

Pediatriya kafedrası studentler menen alıp barılıp atırǵan ruwxıy-aǵartıwshılıq hám tárbiyalıq jumıslarda belsene qatnaspaqta. Bul jumıstıń tiykarǵı maqseti bolajaq shıpakerlerde joqarı mánawiy pazıyletlerdi, watansúyiwshilik, adamgershilik, nawqasqa húrmet hám jámietke xızmet etiwge tayarlıq sezimlerin qáliplestiriwden ibarat.




Kafedramız assistenti Sabirova N.M instituttıń ruwxiy-aǵartıwshılıq jumıslarında belsene qatnasıp kelmekte. Kafedramızda Ózbekstan Respublikası Prezidentiniń jaslarǵa baylanıslı mámleketlik siyasattı ámelge asırıw boyınsha qosımsha is-ilajlar haqqındaǵı 2124-sanlı qararınan kelip shıqqan halda usı qarardıń 41-bántine muwapıq joqarı oqıw orınlarında ámelge asırılǵan jumıslarǵa muwapıq jaslar arasında salamat turmıs tárizin úgit-násiyatlaw, AIJS keselligi, náshebentlik, ishiwshilik hám temeki shegiw sıyaqlı illetlerdiń aldın alıwǵa qaratılǵan ilajlar ótkerildi.



Institutta ótkerilgen 5 áhmietli baslama boyınsha sporttıń voleybol túri boyınsha hayal-qızlar komandasınıń respublika kóleminde II orındı ielewine óz úlesin qostı. Joqarı oqıw ornı studentleri arasında ótkerilgen "Tafakkur sinovlari" tańlawında I orındı ielewde, studentlerdiń "Zakovat" jámáátiniń II orındı ielewinde hám teatr studiyalarınıń sıylı orınlardı ielewinde jankúerlik kórsetti. Bunnan tısqarı kafedramız professor oqıtıwshıları menen birgelikte Beruniy rayonında "Aǵartıwshılıq úlestirip" ilajı ótkerildi.


68-MAKTAB
MEKTEP
XOSH KELDINIZ!
WELCOME!
2025-YIL
ATROF-MUHITNI ASRASH VA
"YASHIL" IQTISODIYOT
YILI








Studentlerdiń bos waqıtların mazmunlı ótkeriw maqsetinde hám ishki turizmdi rawajlandırıw boyınsha muzeylerge sayaxat shólkemlestirildi. Institut professor-oqıtıwshıları hám student-jasları 1000 qádem, 5000 qádem marafonlarında qatnastı. Ullı oyshıllar Áliysher Nawayı, Zahriddin Muhammed Babur, Ullı sárkarda babamız Ámir Temur tuwılǵan kúnleriniń keń túrde belgileniwinde belsene qatnastı. Belgili shayır hám jazıwshılar, Ózbekstan qaharmanları Ibrayım YUsupov hám Tulepbergen Qayıpbergenovlardıń 95 jıllıq yubiley keshesin kóterińki ruwxta ótkeriwdi shólkemlestiriwde qatnastı.






Kafedramızda hár háptede aǵartıwshılıq-ruwxıy bólim tárepinen berilip barılatuǵın temalar boyınsha studentlerge málimleme saatları ótkeriledi.






Bunnan tısqarı kafedramız hár jılı Institut sheńberinde ótkeriletuǵın Nawrız bayramına belsene qatnasıp kelmekte.



